

Gid biznis lan

Tout sa ou bezwen konnen pou louvri espas ou, resevwa premye kliyan ou yo epi devlope biznis ou sou Biznis Konekte.

An de mo

Biznis Konekte mete ansanm nan yon sèl platfòm randevou, rezèvasyon otèl, vant an liy ak swivi dosye. Espas ou adapte otomatikman ak metye ou, epi sis premye mwa yo gratis.

Sa gid sa a genyen

- **1. Louvri espas ou** — enskripsyon an senk etap
- **2. Regle espas ou** — metye, orè, fonksyonalite
- **3. Resevwa kliyan** — randevou, sejou, kòmand
- **4. Ankese lajan ou** — peman, pòtfèy, retrè
- **5. Fè moun konnen ou** — kòd QR, flyè, boutik komen
- **6. Fòfè ak abònman** — kilè sa vin peyan
- **7. Sekirite ak bon pratik**
- **8. Kesyon moun poze souvan**

1. Louvri espas ou

Enskripsyon an fèt sou paj **Enskri biznis mwen** epi li pran kèk minit. Gen senk etap ; kont ou kreye sèlman nan fen an, lè ou fin siyen kontra a.

- 1 Enfòmasyon ou**
Non biznis lan, kalite aktivite, adrès, telefòn, epi kontak ou kòm responsab ak yon modpas ki gen omwen sis karaktè, pou ou konfime de fwa.
- 2 Politik ak règleman**
Ou dwe desann tèks la jiska bout pou aksepte a vin posib. Ou sètifye tou ou gen dwa pou angaje biznis lan.
- 3 Chwazi fòfè a**
Twa fòmil, tout ak sis mwa gratis anvan. Ou ka chanje pita san ou pa pèdi peryòd esè ou.
- 4 Siyen kontra a**
Yon rezime parèt, epi ou siyen lè ou ekri non konplè ou ak kalite ou (pwopriyetè, jeran, direktis...).
- 5 Aktivasyon**
Espas ou kreye epi esè gratis ou kòmanse. Nou pa pran anyen. Si ou vle, ou ka peye yon mwa davans : sa pouse premye dat peman ou pi lwen.

Enpòtan

Kalite aktivite ou chwazi a detèmine fonksyon espas ou. Yon otèl jwenn chanm ak sejou, yon boutik jwenn katalòg ak kòmand, yon kabinè jwenn swivi dosye. Ou ka ajiste sa nenpòt lè.

Ekip la ap verifye

Nou egzamine enskripsyon ou anvan paj ou vin piblik. Pandan tan sa a ou ka prepare sèvis ou, chanm ou oswa pwodwi ou yo.

2. Regle espas ou

Chwazi fonksyonalite ou yo

Nan **Paramèt ak orè**, kat « Fonksyonalite espas ou » a bay nèf modil ki disponib. Dekoche sa ou pa bezwen : seksyon yo disparèt nan meni ou. Ou ka aktive yon modil metye ou pa bay tou — yon boutik ki vle pran randevou, pa egzanp.

Modil	Sa li sèvi	Metye ki konsène
Randevou	Orè, kalandriye, rezèvasyon	Salon, klinik, garaj, kabinè
Ekip	Moun nan ekip la ak orè yo	Tout
Chanm ak sejou	Ebèjman, tarif, planin	Otèl, ojèj
Restoran ak ba	Kat ak meni	Restoran, otèl
Katalòg	Vitrin pwodwi ak stòk	Komès, famasi, salon
Kòmand ak livrezon	Panye, zòn, vin chèche	Komès, restoran
Pwogram ak enskripsyon	Klas, filyè, plas	Lekòl, inivèsite
Swivi dosye	Etap, papye, onorè	Notè, avoka, apantè, kontab
Sèvis ijans	Nimewo dirèk, eta afluans	Klinik, lopital, famasi

Orè ak jou ou louvri

Lè ou bay kliyan yo soti dirèkteman nan orè ou. Yon jou ki fèmen pa montre okenn disponiblite. Sonje mete yo ajou anvan fèt yo.

Pèsonalizasyon

Koulè, logo ak banyè bay paj piblik ou idantite li. Logo a ka senpleman de lèt si ou pa gen imaj.

3. Resevwa kliyan

Randevou

Kreye sèvis ou yo ak dire ak pri yo : se dire a ki detèmine lè yo bay kliyan an. Yon rezèvasyon rive an atant ; ou konfime li nan **Randevou** oswa nan tablo bò a. Chak chanjman voye yon mesaj WhatsApp bay kliyan an.

Chanm ak sejou

Chak kalite chanm gen yon pri pa nwit, yon kapasite, yon kantite ak jiska uit foto. Premye foto a sèvi kòm imaj prensipal.

- **Plan tarif** — plizyè fason pou vann menm chanm nan : tarif estanda, pa ranbousab pi bon mache, oswa ak ti dejene.
- **Sezon** — ajiste pri yo sou yon peryòd, an pousantaj oswa an montan fiks.
- **Règleman** — lè arive ak lè depa, sejou minimòm, taks, depo, delè anilasyon.
- **Planin** — yon griy sou katòz jou ki montre chanm ki lib chak jou.

Katalòg ak kòmand

Mete pwodwi ou yo ak foto, pri, pri pwomo si genyen, ak stòk. Ou regle stòk la ak yon klik nan lis la. Yon pwodwi ki fini disparèt otomatikman nan paj piblik ou.

- **Zòn livrezon** — chak ak tarif ak delè li ; yon adrès andeyò zòn yo peye frè debaz la.
- **Vin chèche sou plas** — endike lè moun ka vin pran.
- **Sèvis nan chanm** — si ou gen chanm, kliyan ki desann lakay ou mete nimewo chanm li epi li pa peye okenn frè livrezon.
- **Taksi Konekte** — yon bouton voye kous la ak adrès la, pwen repè a ak montan pou ankese.

Stòk la retire lè ou konfime

Se pa lè kòmand lan rive. Konsa yon panye moun abandone pa bloke okenn atik. Si ou anile yon kòmand ou te konfime, stòk la retounen otomatikman.

4. Ankese lajan ou

Se ou ki chwazi sa ou aksepte : peman an liy, peman lè ou remèt, oswa toude. Reglaj la nan **Livrezon ak vin chèche**.

Mwayen	Kijan sa mache	Kilè lajan an rive
MonCash, NatCash, Kashpaw	Kliyan an peye an liy anvan li resevwa	Touswit nan pòtfèy ou, komisyon retire
Kach lè livrezon	Kliyan an peye livrè a oswa nan kontwa a	Dirèkteman nan men ou, san okenn komisyon

Pòtfèy ak retrè

Seksyon **Pòtfèy ak Peman** montre balans ou ak istorik lajan ou ankese. Ou mande yon retrè sou MonCash oswa NatCash lè ou vle, apati 1 000 goud.

Komisyon

Li aplike sèlman sou lajan platfòm nan ankese **an liy**, epi to a depann de fòfè ou : 10 % nan Dekouvèt, 5 % nan Pro, 3 % nan Otèl ak Komès, ak yon maksimòm 500 goud nan dènye ka a.

5. Fè moun konnen ou

Kòd QR ou ak flyè ou

Seksyon **Kòd QR ak flyè** ba ou yon kòd kliyan yo eskane ak aparèy foto telefòn yo. Yo rive dirèkteman sou paj ou, pare pou rezève oswa achte, san yo pa bezwen enstale okenn aplikasyon.

- Telechaje kòd la pou kont li, an fòm SVG : li rete nèt depi sou yon kat vizit jiska sou yon afich.
- Oswa fè yon **flyè A5 konplè**, ak non ou, yon fraz akwòch, kòd la ak kat etap ki eksplike kijan pou sèvi ak li. Ou ka enprime li oswa sere li an PDF.
- Mete li nan pòt la, sou kontwa a, dèyè kat vizit ak resi ou, oswa kòm foto pwofil sou rezo sosyal ou.

Boutik komen an

Si modil Katalòg la aktif, pwodwi ou yo parèt otomatikman nan boutique platfòm nan, kote achte yo konpare òf tout vandè yo. Ou pa gen anyen pou fè.

Lyen piblik ou

Tablo bò a montre adrès piblik ou, ak yon bouton pou kopye li epi pataje li sou WhatsApp oswa Facebook. Se lyen sa a pou mete nan byografi ou ak nan piblikasyon ou yo.

6. Fòfè ak abònman

Tout nouvo biznis jwenn **sis mwa gratis**, kèlkeswa fòfè li chwazi. Nou pa pran anyen anvan peryòd sa a fini.

Fòfè	Pri pa mwa	Komisyon	Pou ki moun
Dekouvèt	Gratis	10 %	Kòmanse san angajman : 3 sèvis, 1 anplwaye, 20 pwodwi
Pro	1 500 goud	5 %	Sèvis ak ekip san limit, katalòg, kòmand, estatistik
Otèl ak Komès	4 000 goud	3 % (maks 500 g)	Otèl, restoran ak komès ki gen anpil vant

Swiv abònman ou

Seksyon **Abònman mwen** montre konbyen jou gratis ki rete, dat premye peman an ak istorik règleman yo. Se la ou chanje fòfè nenpòt lè : sa pa chanje dat esè ou fini an.

Ou rete lib

Ou ka chanje fòfè oswa kanpe nenpòt lè anvan premye dat la, san okenn frè. Randevou ak kòmand ou te deja aksepte yo rete pou ou onore.

7. Sekirite ak bon pratik

Pwoteje kont ou

Aktive **verifikasyon an de etap** nan Paramèt : chak fwa ou konekte, yon kòd sis chif rive sou WhatsApp ou. Menm si yon moun jwenn modpas ou, li pa ka antre nan espas ou.

Chak jou

- Konfime oswa refize demann yo rapidman : kliyan an resevwa yon mesaj nan chak etap.
- Kenbe orè ou ak stòk ou ajou — se sa ki evite malantandi.
- Reponn avi yo, menm sa ki negatif : lòt kliyan yo li yo.
- Gade balans ou epi mande retrè ou regilyèman.
- Pa janm bay modpas ou, ni kòd ou resevwa sou WhatsApp.

8. Kesyon moun poze souvan

Èske m bezwen yon òdinatè ?

Non. Tout bagay mache sou yon telefòn : jesyon espas ou, randevou ou, kòmand ou ak retrè ou.

Kisa k ap pase apre sis mwa yo ?

Abònman fòfè ou chwazi a vin egzijib. Nou avèti ou davans, epi ou ka chanje fòfè oswa kanpe san frè anvan dat la.

Èske m ka chanje kalite aktivite mwen ?

Wi. Modil ou yo ajiste otomatikman, epi ou rete mèt sa ou vle aktive oswa non.

Èske kliyan m yo dwe kreye yon kont ?

Non. Yo rezève oswa kòmande ak non yo ak nimewo telefòn yo sèlman.

Kijan kliyan yo jwenn mwen ?

Nan rechèch platfòm nan, nan kategori yo, nan boutik komen an si ou vann pwodwi, epi ak lyen ou oswa kòd QR ou pataje tèt ou.

Èske komisyon an aplike sou peman kach ?

Non. Li konsène sèlman lajan platfòm nan ankese an liy.

Mwen bliye modpas mwen.

Ekri nou sou WhatsApp ak imèl kont ou. Nou verifye idantite ou anvan nou reinisyalize.

Ou bezwen èd ?

WhatsApp ak telefòn : **+509 4490 1724** — lendi jiska vandredi, 8 è a 5 è.

Imèl : **info@bizniskonekte.com**

Gen yon paj kesyon ak yon fòm kontak sou sit la tou.